

DOKUMEN MADRASAH
SANGAT RAHASIA



NAMA :
NOMOR :

MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
PENILAIAN AKHIR SEMESTER MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Nama Madrasah	: MI Hidayatul Mubtadiin	Hari	:	
	Dempel			
Mata Pelajaran	: BAHASA JAWA	Tanggal	:	
Kelas	: IV (Empat)	Waktu	:	90 Menit

I. Pilihlah salah satu jawaban yang paling benar!

Lingkungan alam klebu lemah, banyu, alas, lan hawa perlu dijaga supaya sumber daya alam tetap lestari lan ngasilake paedah kang maksimal kanggo karaharjane manungsa. Alam sing rusak nyababake panguripane bakal ngalami owah-owahan. Kewan-kewan bakal pindhah panggonan golek papan sing bisa nyukupi kabutuhane. Karusakan alam sing paling gedhe disababake dening manungsa katimbang factor alam kang dumadine ora saben dina.

1. Sing ora klebu lingkungan alam yaiku ...
 - A. Sandhangan
 - B. Banyu
 - C. lemah
 - D. hawa
2. Karusakan alam sing paling gedhe disababake dening ...
 - A. Faktor alam
 - B. Manungsa
 - C. kewan
 - D. bencana alam
3. Sumber daya alam sing lestari iku bisa ngasilake ...
 - A. Bencana
 - B. Penyakit
 - C. kerusakan
 - D. paedah
4. Faktor alam iku dumadine ...
 - A. Saben dina
 - B. Ora saben dina
 - C. saben minggu
 - D. saben wulan
5. Alam sing rusak nyababake panguripane bakal ngalami ...
 - A. Owah-owahan
 - B. Lestari
 - C. bencana
 - D. sengsara

Udan wiwit esuk mau nggrejeh. Hawane adhem sanadyan ora jekut, nanging wis nyababake wong wegah metu kejaba wong kerja kantoran utawa PNS, klebu sing pancen nduwe kabutuhan ndhesek pilih neng ngomah nyetel tipi, mangan enak, lan liyane maneh.

6. Latar wektu perangan carita ing dhuwur yaiku mangsa ...
 - A. Rendheng
 - B. Pancaroba
 - C. banjir
 - D. panas
7. Udan wiwit esuk mau nggrejeh. Tembung nggrejeh tegese ...
 - A. Sedhilut thok
 - B. Udan gedhe
 - C. udan angina
 - D. udan ora terang-terang
8. Sing nyababake wong wegah metu amarga ...
 - A. Wis awan
 - B. Durung awan
 - C. padha kesel
 - D. hawane adhem
9. Karangan kang nyritakake sawijining kedadeyan adhedhasar urutan wektu diarani ...
 - A. Narasi
 - B. Dheskripsi
 - C. Persuasi
 - D. orientasi
10. Masalah ana ing crita iku diarani ...
 - A. Komplikasi
 - B. Resolusi
 - C. orientasi
 - D. Koda

Manungsa ora bisa ngendalike kekarepane
Negor wit-witan sasenenge dhewe
Alas-alas ora enek wit-witane
Mung kari suket-suket sing dadi kanca lawase
Udan sawengi natas
Nyirep hawa panas
Banyu terus mili ngebaki kali-kali

11. Isi geguritan ing dhuwur yaiku ...
 - A. Banjir merga wit-witan gedhe wis entek
 - B. Angin gedhe merga udan deres
 - C. Kobongan merga kayu garing
 - D. Tanggul dhadhal merga lindhu
12. Sing ora bisa ngendalekne kekarepan yaiku ...
 - A. Wit-witan
 - B. Manungsa
 - C. Udan
 - D. Banyu
13. Udan sawengi natas. Ukara kasebut tegese menawa udan wis mudhun sasuwene ...

- A. Sajam
B. Sadina
C. Sewengi wutuh
D. Seminggu

Gumelar jembar bumi asri
Seminar sumringah sunare bagaskara
Padhang sumilak hanelani jagat nuswantara
Bumi pusaka wus kawentar
Ombak-ombak samodra
Kencana kang ngrenggani
Wutuh getihku daktresnani

14. Dasanamane bagaskara kaya kasebut ing ngisor iki, kejaba ...

- A. Surya
B. Kartika
C. bagaspati
D. srengenge

15. Tembung kawentar tegese yaiku ...

- A. Kondhang
B. Kawetu
C. Katon
D. Katelah

16. Bumi tegese kaya ing ngisor iki, kejaba ...

- A. Tasik
B. Pertiwi
C. Kisma
D. Jagat

17. Dasanamane sumilak yaiku ...

- A. Njingglang
B. Mbiyak
C. Sulap
D. Resik

18. Geguritan iku menawa ing basa Indonesia kasebut ...

- A. Puisi
B. Pantun
C. Syair
D. Gurindam

PAHLAWANKU
Dening : R. Tantiningsih
Pahlawanku
Wutahing ludiramu
Nyiram ibu pertiwi
Nadyan sang ibu
Kudu muwun sedhih
Karajang –rajang manahe
Karujit-rujit rasa pangrasane

19. Irah-irahane geguritan kasebut yaiku ...

- A. Pahlawanku
C ibu pertiwi

- B. Sang ibu
D. Rasa Pangrasane
20. Sing dadi tema geguritan kasebut yaiku ...
A. Ibu pertiwi
C. Kepahlawanan
B. Keibuan
D. Rasa Sedhih
21. Langit peteng/mendhung, angin banter, la nana suara gludhung iku pratandha ...
A. Ketiga
C. bedhiding
B. Arep udan
D. Mangsa panen
22. Nalika maca sawijining geguritan kudu nggatekake wirasa, tegese ...
A. Irama/lagu/ intonasi
C. rasaning swara ati
B. Obahing awak
D. pocapan cetha
23. Diksi ana ing geguritan tegese pamilihane ...
A. Judhul
C. Nada
B. Tembung
D. Rasa
24. Pangripta bebas anggane medharake karep klebu geguritan ...
A. Tradisional
C. anyar
B. Modheren
D. lawas
25. Kang bisa nggawe apik lan menarik wacan narasi yaiku ...
A. Orientasi
C. amanat
B. Konflik
D. tema
26. Geguritan iku kaperang dadi loro yaiku lan
A. Tradisional lan modheren
C. tradisional lan lawas
B. Modheren lan anyar
D. modheren lan kuna
27. Ora diwatesi pathokan-pathokan lan paugeran diarani geguritan ...
A. Tradisional
C. anyar
B. Modheren
D. kuna
28. Tegese where ana ing wacan narasi yaiku ...
A. Apa kang bakal dicritakake
C. kapan kedadeyane
B. Ing ngendi papan dumadine
D. sapa bae paragane
29. Gatekna gambar ing ngisor iki!
Ukara sing trep kanggo gambar ing ndhuwur yaiku ...
A. Mangsa rendheng udan esuk lan awan
B. Ing mangsa ketiga akeh sumur sat lan kekeringan
C. Sampah sing numpuk yen musim rendheng bisa nggawe banjir
D. Wit-wit sing padha ditegori bisa njalari anane banjir





Gatekna teks ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 30-35!

Timun Mas

Nalika iku buta ijo kanga rep njupuk timun mas teka ing omahe mbok randha, banjur buta ijo nesu ngerteni timun mas wis ora ana. Buta ijo nesu lan ngamuk, kebone mbok randha dirusak banjur bengok-bengok ngoyak timun mas. Amarta buta ijo jangkahe amba sedhele bae timun mas wis meh kasil koyak.

Timun mas banjur nguncalake buntelan sing isine wiji timun. Dumadakan papan iku dadi kebon timun kang akeh who timune. Timun mas nguncalake buntelan kang isine Dom. Dumadakan papan iku dadi alas pring sing ngalangi playune buta. Timun mas banjur nguncalake buntelan kang isine uyah, papan iku malih dadi segara kang amba lan jero. Timun mas banjur nguncalake buntelan kang pungkasan. Buntelan kang isine trasi. Malih dadi segara lendhut kang jero.

30. Sing dadi paraga antagonis yaiku ...
- | | |
|----------------|-------------------|
| A. Timun mas | C. Buta Ijo |
| B. Mbok randha | D. Masarakat Kana |
31. Nalika mlayu saka buta ijo, timun mas nggawa papat jinni buntelan. Sing ora klebu isi buntelane yaiku ...
- | | |
|---------------|----------|
| A. Dom | C. Trasi |
| B. Wiji timun | D. Watu |
32. Timun mas ing crita kasebut dadi paraga ...
- | | |
|---------------|---------------|
| A. Antagonis | C. Tritagonis |
| B. Protagonis | D. Netral |
33. Alur sing dingo ana ing cerita kasebut yaiku alur ...
- | | |
|-----------|----------------|
| A. Maju | C. maju mundur |
| B. Mundur | D. campuran |
34. Dom kang diuncalake timun mas bisa malih dadi ...
- | | |
|-------------------|---------------|
| A. Segara lendhut | C. alas pring |
| B. Alas kayu | D. kebon jati |
35. Buntelan kang keru dhewe lan bisa dadi segara lendhut yaiku ...
- | | |
|---------------|----------|
| A. Wiji timun | C. dom |
| B. Uyah | D. trasi |
36. Wujude sandhangan taling tarung yaiku ...
- | | |
|--|--|
| A.  | C.  |
| B.  | D.  |

37. Sandhangan sing munine i yaiku ...

A. 

B. 

C. 

D. 

38. Wujud aksara  menehi swara ...

A. I

B. U

C. E

D. O

39. Sandhangan swara wulu iku wujud ...

A. 


B. 

C. 


D. 

40. Sari nduweni gegayuhan dadi dhokter. Tembung dhokter menawa ditulis ing aksara jawa...

A. 

B. 

C. 

D. 

41. Wujud aksara mati ing ngisor iki yaiku ...


A. 


B. 


C. 

D. 

42. Ing ngisor iki tembung sing kawuwuhan sandhangan layar yaiku ...

A. 

B. 

C. 

D. 

43. Sandhangan cakra wujud yaiku ...

A. 

B. 

C. 

D. 

44. Sandhangan pangkon menawa katulis wujud ...

A. 

B. 

C. 

D. 

45. Sing klebu sandhangan swara yaiku ...

A. 

B. 

C. 

D. 

Gatekna teks ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 46-50!

Ing dina Selasa awan bocah-bocah padha mulih sekolah, padha balapan anggone mlayu pating regudhuk merga langite wis sumriyut peteng arep udan. Laras karo tiwi

mulih mung salin tok banjur mlayu menyang omahe rudi, jebule ana kana wis kebak bocah sing padha arep udan-udan, ora let suwe mak bres udan deres. Banyu-banyu sing mili ana kalen padha bludag tekan dalan. Bocah-bocah gage mlayu ana dalan udan-udan, ana sing ibut ngresiki kalen uga ana sing playon ngetan-ngulon dalan.

46. Ing dina Selasa awan bocah-bocah padha mulih sekolah. Ukara kasebut ngandharake latar

...

- | | |
|--------------|------------|
| A. Panggonan | C. wektu |
| B. Swasana | D. kahanan |

47. Bocah-bocah anggone udan-udan ing dina ...

- | | |
|-----------|----------|
| A. Selasa | C. Rabu |
| B. Kamis | D. Jumat |

48. Bocah kang arep udan-udan ngumpul ana omahe ...

- | | |
|----------|----------------|
| A. Laras | C. Tiwi |
| B. Rudi | D. Bocah-bocah |

49. Banyu udan bludag tekan ...

- | | |
|------------|----------|
| A. Dalan | C. Kali |
| B. Sekolah | D. Latar |

50. Bocah sing mulih mung salin tok yaiku ...

- | | |
|-------------------|------------------|
| A. Rudi | C. Laras |
| B. Laras lan Tiwi | D. Rudi dan Tiwi |